# La vengeance de NGuilane

Ce très beau texte est raconté par Gorgi MBaye du village de Coki. Il proviendrait du Sine et le conteur, sans doute trop bon musulman pour accepter encore ce règlement de compte sanguinaire, en rejette la paternité sur ses voisins sérères "qui comme les Peul ont le couteau facile". En France, dans le milieu noir, ont dit aussi que "les Sénégalais ont le couteau facile" et tout le monde sait à Dakar que la plupart des hommes qui se promènent la nuit ont un couteau en poche, qu'ils soient wolof, sérère, peul ou mandingue !

Nous avons essayé d'expliquer cette "sauvagerie" de la vengeance de NGuilane dans notre introduction ; on peut y ajouter un détail qui est aussi significatif de la conception wolof de l'honneur dont Biram incarne vraiment l'aspect négatif et outrancier : s'il se lance dans cette aventure cruelle, c'est qu'il s'en est vanté publiquement - devant le pinc - et dès lors sa parole l'engage, même si c'est à faire une bêtise ! C'est un pays où le ridicule tue et où la peur des sarcasmes peut mener aux pires extrémités, comme le remarque très justement notre étudiant Abib NDao "Et c'est pourquoi l'on comprend que des gens puissent se livrer à des actes fort répréhensibles pour rester fidèles à une parole, fut-elle la plus stupide du monde !"

Feyyug N̂ilaan

-=-=-

- Léébóón
- Lippóón
- Amoon na fi
- Daana am
- ba mu amee ya fekkee ?
- waxal ma dégg.

Ndew ag N̂ilaan a fi nekkoon bokk ndey ag baay dëkkóón ca biir Siin. Taarub Ndew jéggiwóón na dayo ba ay waajuram dañu ko nëbbóón. Nit ñi sax daanañu né sooy wax ag moom bët yeeg ween yi dañu laye tontu.

Ci jooju jamóno amoon na ci beneen dëkk benn waxambaane bu reewandeem wëróón rééw mi. mu ngi tuddóón Biram, Benn bes Biram dégg ñuy tagg rafetaayu Ndew ; Mu waat ci diggu peñc ma, né dina doxaani Ndew te buy ñibbisi dina dagg baat ba indaale. Ca ëlëgsa mu yewwu suba teel, takk fasam jëm kër Ndew.

Ba mu egsee ca dëkk ba, booba ñepp nga woon ca tool ya, ba mu des Ndew ma mu fekk ca buntu néégam. Ba mu ko nuyyóó, xale bi jóg teral ko, jox ko mu lekk, jox ko mu naan.

Waaye Biram feye ko ngoreedi gu mat sëkk : siif ko, dagg baatam, nangu jaaro wurusu ngalam bu ko yaayam yoolewoon. Gannaaw loolu, Biram dellusi ca dëkk ba, taxaw ca digg peñc ma di xëlëmtóó la mu jëlé ca Ndew.

Mu nga naan :

"Ndew mu rafet ma ñépp soppoon, bopp baa ngii, té wóór na ñépp, waaye ñam naa ko te kenn dootu ko ñam. Jaaro bi ko yaayam yoolewoon na ngii ci sama baaram....

Fekk na, booba nit ña jógé tool ba gis Ndew fa ko Biram woowoon ñépp sëngéém di jooy, ba mu des rakkam ja N̂ilaan. Booba mu ngay takk fasam tey laaj yaayam mburaake ag soow mu mu yobbëlóó, te naan ko :

"Damay dem te duma dellusi, ndax damay fëyyu deewu Ndew gii"

.../...

Mu tàgoo, war fasam di rëpëtël, di rëpëtel, guddéég bëccëg ba ca juróóm ñaareelu fan ba, mu egsi ci menn peñc, nuyyoo fa, né léén :

"Man dé damaa bëgg jëkkër, waante ku reew rekk laay sëyal."

Waxambaane yépp tëb, ku ne di kañu ci reewande. Am ku ci né :

- Man mii maa reew, man mii reew be dagg sama loxo mag !

- Keneen jóg né reewande, ci man la yem, man mi reew ba lakk sama sèqum baay !

- Keneen feelu ko né : man maay reewande, man mii saaga doomu buur, duma ko !

Ñilaan tontu leen, ni leen

- Aa yéén daal reewu léén

Mu di ko def peñcoo peñc ba mu mat juróóm ñaari fan, taxul mu gis la muy seet. Ca juróóm ñetteelu peñc ma, mu agsi ci dëkk bu xumb, mu dellu laaj góór ña fa daje :

- Man dé damaa bëgg jëkkër, waante ku reew rekk laay sëyël.

Benn waxambaane jóg ca mbooloo ma ñëw ba jaanoog moom né ko :

- Gan gi, wàccal sa fas, gis nga jëkkër ji nga doon wut !

Ñilaan né ko :

- loo def ?

Mu né ko :

- Maa fekk jànq bi daq ci jànq yi, ki rafetoon ba ween yeeg bët yi di wax, ma siif ko, dagg baat ba ; boo ko weddee jaaroom a ngi nii.

- Aa ! ñilaan wàcc fas wa ! langaamu ko te naan ko,

- yaw laa doon ut, gis naa la, yaay sama jëkkër !

Keroog bu dul woon làmb ju mag ji dëkk ba woote woon, dinañu sëy, waaya Biram amulwoon benn jot ba moo tax mu bëttël ko ba ca ëllëg sa.

Mu yóbbu Ñilaan ca néégam né ko :

- Toogal ma woowal la saay jigéén ñu wettëlila.

Nakka mu génn rekk, Ñilaan gasum pax ci ron lal gi, jël tuuti sunguf jaxase ci mburaake mi, Bi xale yi ñowéé, mu may léén

.../...

ñu lekk. Ku lekk rekk nelaw, mu rendi, sànni si pax mi. Ba mu toogee bà xaaju guddi, yaayu Biram dugg ci néég bi di seet xale yi.

Ñilaan né ko :

- Man dé gisaguma leen

Mu né ko :

- Billaay ñii ñoo gàtt xel rekk ! xaaral ma toog wettelila.

Ñilaan jël ci mburaake mi jox ko mu lekk.

Ba mu nelawee, mu dagg lammiñ wa ; Ginnaaw ba, mu xëcc lal ba ci digg rum ba, genn war fasam, teg.

Ba làmb ja tassee, Biram dugg ci néégam gis yaayam luu rakk yi dee, mu yëngal boppam né :

- Aa ! kii lii la ma bëggalóón !

Mu daldi war fasam dàq ko. Di rëppëtal, di rëppëtal ba fekk ko mu toog ci suufu garab, mu sox fetalam né ko : gis nga li nga ma def vante doo ko nettali kenn ;

Ñilaan tontu ko né ko :

- Tooñ naa la, war nga ma rey, wante dafa am lu ma lay ñaan bala nga may rey : damaa bëggul deewaaleg samag ndaw, ma bëggóón nga tëdd ag man, jël ko te bu sama derat laal suuf.

Yéégal boog ci garab gi jëli xob boobee ci kaw nga lal ko.

Biram teg fetal gi, yéég ci garab gi ba ca kaw.

Ñilaan fab fetal gi, diir ko, jam ko mu wadd, mu rendi ko, Mu jël bopp bi, booleeg jaaro magam ja, waraat fasam dëgmel séén dëkk.

Bamu agsee, ñëpp wër ko. Mu ni léén :

- Waaja reyoon sama mag ja, daw, bopp baa ngi. Walbatiku ne yaay ja :
- Jaaro bii nga joxoon Ndew, dellóósinaa ko

Fóó fu la léeb dale doxe tàbbi biir gééj.

-=-=-=-=-=-=-